



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

LIDÈ AK OTORITE KI ELI NAN REJYON FINGER LAKES NEW YORK ABÒDE KRIZ LOJMAN AN APRE TAB WONN GOUVÈNÈ HOCHUL LA

Gouvènè Kathy Hochul te òganize yon tab wonn kominotè, ki te dirije pa ofisyèl yo nan administrasyon an, avèk lidè lokal yo ak reprezantan ki eli nan rejyon Finger Lakes New York pou diskite sou Kontra Lojman New York la (New York Housing Compact) - ki se estrateji konplè Gouvènè a te anonse nan bidjè egzekitif ane fiskal 2024 la pou abòde kriz lojman New York la epi konstwi 800,000 nouvo kay nan pwochen deseni an. Otorite ki eli yo ak lidè lokal yo te eksprime sipò yo pou plan an, ki baze sou vizyon Gouvènè a pou fè New York vin pi fasil pou viv, pi aksesib ak pi abòdab.

Majistra Rochester, Malik Evans, te deklare, "Plan odasye ak transfòmatè Gouvènè Kathy Hochul pou abòde kriz lojman Eta New York alien ak travay Vil Rochester ap fè pou bay chak rezidan vil la benefis estabilite lojman. Pou nou ka konstwi katye solid, nou te envesti nan lojman abòdab epi n ap travay pou ogmante pwopriyetè kay, sa k ap ede kreye richès nan jenerasyon an. Patenarya nou avèk Gouvènè Hochul ak atravè Kontra Lojman New York la pral akselere pwogrè estrateji lojman nou an ak vizyon nou pou kreye yon Rochester ki an sekirite, ekitab ak pwospè".

Sipèviziè Vil Henrietta a, Stephen L. Schultz, te deklare, "Kay ki nan pri abòdab, swa kòm kay pou kòmanse oswa pou redui kantite nan retrèt, se yon gwo bezwen nan Henrietta ak atravè Eta a. Malerezman, endistri a te ankouraje konstwi kay ki pi gwo, ki pi chè, kidonk mwen kontan travay ak Biwo Gouvènè a sou fason pou ankouraje devlopè yo pou yo bati plis kay ki nan pri abòdab ki alien ak plan konplè itilizasyon tè nou pou Vil la".

Lejislatè Konte Monroe a, Mercedes Vazquez Simmons, te deklare, "Mwen rekonesan pou m wè yon envestisman ki vize amelyorasyon kondisyon lavi pou manm yo nan kominote nou an. Lojman ki an sekirite, pwòp ak abòdab se yon nesesite debaz ke yo kontinye refize anpil fanmi. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul pou angajman ou nan Vil Rochester ak Konte Monroe."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Greater Rochester a, Bob Duffy te deklare, "Envantè lojman diminye, epi bezwen an ogmante. Pwopozisyon Gouvènè Hochul la ofri kominote tankou pa nou yo chans pou yo amelyore enfrastrikti k ap efondre yo epi pou yo trase wout pou nouvo opòtinite. Chanm Greater Rochester a

sipòte pwopozisyon Gouvènè a ki pral founi novo djòb epi ki pral aji kòm yon katalizè pou renesans vil Rochester bezwen anpil la".

Aqua Porter, Direktè Egzekitif Inisyativ Kont Povrete Rochester-Monroe a, te deklare, "RMAPI (Inisyativ Kont Povrete Rochester-Monroe) sipòte efò Gouvènè a pou ogmante disponiblite ak aksesibilite lojman nan eta nou an nan ogmante rezèv lojman ki disponib. Nou kwè ke sa a se yon opòtinite pou kreye plis katye rich nan kominote nou an, kòm yon mwayen pou sipòte mobilite ekonomik k ap monte a. Nou pa ka tann pou nou wè Eta New York ap travay avèk jiridiksyon lokal yo pou kreye plis lojman ki nan pri abòdab pou moun ak fanmi ki gen revni fèb. Anplis novo konstriksyon, enterè sou rezoud ak reyabilite pwopriyete vid yo, sipòte pwopriyetè kay ki gen revni fèb yo, epi ogmante pwoteksyon lokatè yo se eleman enpòtan nan plan sa a. Nou ankouraje nou tou pa enterè Gouvènè a sou utilizasyon pouwva règlemantè eta a pou demantle règ dekoupaj zòn restriktif ak esklizyon ki an plas pou rann li pi fasil pou batí lojman abòdab nan tout katye yo".

Sarah Davis, Direktè Egzekitif, IDA nan Konte Seneca, te deklare, "Kalite, aksesibilite ak disponiblite lojman se yon pwoblèm devlopman ekonomik ki gen anpil enpak sou kapasite nou pou atire ak kenbe talan nan kominote nou yo. Nou bezwen solisyon kreyatif, kolaboratif pou ogmante pak imobiliye nou ak ekonomi lokal yo, espesyalman nan kominote riral yo ki istorikman pa te gen resous oswa sipò pou fè fas a yon inisyativ planifikasyon sou gwo echèl konsa".

Lynn C. Truame, Direktè Devlopman Imobiliye, INHS, te deklare, "Antanke yon founisè lojman pou moun ki gen revni fèb ak modere nan yon zòn sèt konte nan nò Eta New York, INHS wè yon pakèt bezwen lojman chak jou: soti nan zòn iben rive nan zòn riral, pami lokatè ak achtè kay, atravè gam revni an ak pami tout laj. Nou sèlman pa gen ase bon jan kalite lojman pou kantite moun k ap viv nan, oswa ki ta renmen viv nan, zòn sèvis nou an. Fanmi ki gen pi gwo revni yo fè konpetisyon avèk moun ki gen plis revni fèb, epi pri yo monte pou satisfè demann sa a. Nou rekonesan anpil pou lidèchip solid Gouvènè Hochul sou pwoblèm lojman ak patikilyèman pou enterè sou ogmantasyon pwodiksyon lojman nan tout nivo sa abòdab ki eksprime nan Kontra Lojman an".

Bret Garwood, Prezidan Asosyasyon Lojman Abòdab Eta New York la ak Direktè Egzekitif Jeneral Home Leasing, te deklare, "Kontra Lojman an idantifye kòrèkteman gwo mank inite lojman atravè Eta New York kòm pwoblèm ki bezwen rezoud. Etabli yon objektif pou chak kominote pou kwasans se yon bagay esansyèl pou ede kòmanse konvèrsasyon ki nesesè nan chak vilaj, lokalite ak vil sou fason pou akomode lojman adisyonèl pou satisfè bezwen yo. Antanke yon founisè lojman abòdab ki aktif nan zòn iben, banlye, ak riral yo, souvan nou tandé pale de bezwen ak dezi pou plis lojman men souvan pwosesis pou kreye li pran twòp tan. Kontra Lojman an pral ede abòde sa nan bay planifikasyon ak sipò enfrastrikti pou kominote yo ka fòmile ak reyalize vizyon yo pou yo atenn objektif la".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU